

Dekouvri

# Maryland Health Connection

Maryland Health Connection se platfòm ofisyèl asirans sante yo nan Eta Maryland lan. Sou sit **MarylandHealthConnection.gov**, w ap kapab konpare kòtakòt chak plan swen sante yo ansanm ak pri yo, epi w ap kapab enskri w nan yon bon jan kalite asirans sante w ak dantè pou oumenm ansanm ak fanmi w.



## Sèvis ki Kouvri yo

Tout plan swen sante yo kouvri yon seri avantaj ki enpòtan tankou:

- Vizit kay doktè yo
- Sejou lopital
- Swen ijans
- Medikaman sou preskriyon yo
- Swen sante mantal
- Matènite ak swen pou tibebe ki fèk fèt
- Swen pedyatri
- Tès laboratwa yo
- Trètman kont adiksyon
- Jesyon maladi kwonik
- Swen prevantif ak swen byennèt (tankou vaksen yo, vizit byennèt yo ak tès depistaj yo)



## Ekonomi yo

Ane ki sot pase a, nèf sou 10 moun Maryland ki te enskri te jwenn yon èd finansye pou peye pou plan sante yo. Yo kalkile ekonomi sa yo dapre revni kay ou ak kantite manm fanmi ki rete nan kay la. Grasa Maryland Health Connection, ou gendwa elijib pou w benefisyè:

- **Yon seri kredi enpo** k ap diminye prim masyèl ou ta sipoze peye atravè yon pwogram asirans sante prive.
- Yon kouvèti gratis oswa ki pi bon mache atravè **Medicaid** oswa **MCHP (Maryland Children's Health Program)**.



## Asistans pou Enskripsyon

Ekspè nou yo ki kalifye ap ofri w yon **asistans gratis fasafas**. Chak konte nan Maryland gen biwo kote w ap kapab ale pou jwenn èd pou enskri w nan yon plan sante. Pou jwenn yon adrès toupre lakay ou, tanpri vizite sit [MarylandHealthConnection.gov/help](http://MarylandHealthConnection.gov/help).

Ou kapab rele nou tou nan: **1-855-642-8572** (moun ki soud oswa ki pa tande byen yo, itilize sèvis Relay la). Pou pale ak yon ekspè asirans sante k ap pale lang ou a, ou mèt annik make nimewo a.

Pou enskri w nan yon plan asirans sante prive, ou dwe **enskri w pandan peryòd "enskripsyon lib yo", ant 1ye novanm ak 15 desanm**, sou sit [MarylandHealthConnection.gov](http://MarylandHealthConnection.gov) oswa sou aplikasyon mobil gratis nou an (Enroll MHC). Ou kapab enskri w nan **Medicaid** pandan tout ane a depi w ranpli kondisyon yo, e y ap fè w konnen lè moman an rive pou w renouvle kouvèti ou a.

Si te gen yon gwo bagay ki te rive nan lavi w, tankou ou vin marye, oswa ou fèk demenaje nan Maryland, oswa ou te pèdi travay ou oubyen ou vin pèdi kouvèti swen sante paran w yo paske ou gen 26 an kounye a, ou gendwa kapab enskri w. An jeneral, y ap ba w 60 jou pou enskri w nan yon nouvo kouvèti swen sante pandan yon peryòd enskripsyon espesyal.



@MarylandConnect